



VOLIM 4 EDISYON 1

Out-Septam 2020

**OC PS** Orange County Public Schools

# Depatman Sèvis miltalang **BILTEN**

445 W. Amelia St.  
Orlando, FL 32801  
Biwo Ori: 7:30-4:30  
407-317-3410

**Josie Medina**  
Direktè Senior

**Dr. Arlene Peters**  
Direktè

• **Paran Lyezon** •

Janine González

Carole Herard

Ismaelithe Leron

Rebecca Millán

Valdelina Roberts

Geane Santana

Jessica Vega

**Milena Vanessa Carpio**  
Administratif Sekretè

**Debra Rivera**  
Finansye Espesyalis

**Solaem Rodríguez**  
Sèvis Grefye Sipò



Nou pral anbake nan yon lòt ane lekòl diferan, objektif nou se toujou kontinye kominike ak sèvi kòm yon lyen ant lekòl yo, fanmi yo ak kominote a. Ekip devwe pwofesyonèl nou yo deja planifye fason pou pi byen sèvi popilasyon elèv ELL kap grandi yo. Kòm yon depatman, nou angaje pou asire ke timoun nou yo resevwa yon bon kalite edikasyon ki pou mennen yo nan yon nivo sikse ki pi wo.

Pandan ane 2020-2021 an, nou pral kontinye travay kòm yon kominote aprantisaj ki pral adrese bezwen elèv nou yo kap aprann lang angle pou prepare yo pou yo prospere nan kominote mondyal.

Nou espere ke nan travay an kolaborasyon avèk pwofesè nou yo, direktè lekòl yo, fanmi yo ak moun ki gen enterè, nou pral kontinye founi pasyon ak aksyon pou bay elèv nou yo preparasyon 21yèm syèk ak aksè nan sikse pou tout lavi.

Vrèman nan edikasyon,

Josie Medina  
Direktè Senior

Angaje nan akonplisman pou pi gwo pouswit



**Imagine Learning** lojisye

Yon pwogram

presepondè

pou nouvo elèv ELL ki nan USA pou mwens pase yon ane. Li baze sou rechèch ak estanda ki aliye ak kourikoulòm ki bati **lekti** ak ladrès **lang akademik**. Li fèt pou pran avantaj de kiryoziyite elèv yo, kreyativite, ak dezi pou eksplorasyon. Itilize leson, aktivite ak jwèt ki fè elèv yo vle kontinye ak avanse nan akizisyon lang angle ak aprantisaj.



**7 Nov**  
9:00 am-1:00 pm  
**Windermere High School**

Aprantisaj Sosyal ak emosyonèl (SEL) se pwosis kote timoun ak granmoun yo konprann epi jere emosyon yo, fikse epi atenn objektif pozitif, santi epi montre senpati pou lòt moun, etabli epi kenbe relasyon pozitif, epi pran desizyon responsab. Divès sesyon ap ofri yon pakèt opòtinite pou aprann oswa pwolonje konesans ou. Patisipan yo ap gen yon opòtinite pou patisipe nan seminè ki pral ba yo estrateji, mekanis pou siviv, epi aprann sou resous ki disponib pou ede ak pase moman difisil sa yo. Sal egzibisyon an ap prezante pa diferan ajans ak depatman nan distri a ki sipòte fanmi ak kreye balans ak jwenn rezilta.

**OCPS** antre nan yon akò avèk **Language Line Solutions** pou bay sèvis entèpretasyon nan telefòn nan lekòl yo ak nan depatman biwo santral yo.

kièl pou sèvi ak Entèpretasyon nan-telefòn:

- Telefòn, Sèvis Entèpretasyon yo patikilyèman apwopriye lè se yon sijè woutin e espere li pa dire plis pase 30 minit.

- Lè entèpretasyon an pèsòn pa disponib espesyalman pou reyinyon obligatwa Edikasyon Espesyal (sètadi IEP ak evalyasyon) aprè tantativ te fèt pou asire entèpretasyon an pèsòn atravè sistèm demann distri a.

- Lè tradiksyon enfòmasyon ekri pa sifizan oswa li pa disponib.

- pou evite reta itilizasyon yon entèprèt a distans ke yon entèprèt sou plas.

- Kote enfòmasyon ki itilize zouti kominikasyon langaj senp (sètadi kat, vizyèl) pa pral byen transmèt mesaj la.

- Randevou ki pa mande pou sibstansyèl tradiksyon oral dokiman (sa vle di entèprèt la li yon dokiman pandan yap entèprete l oralman).

- Yon kote ki jwografikman anpeche aksè oswa lè entèpretasyon an pèsòn pa disponib pou yon langaj espesifik - sa ka rive akòz distribisyon, demann ensidan lang sa ba, oswa anilasyon entèprèt an pèsòn.

- Fòm demann sou entènèt la pa obligatwa pou entèpretasyon sou telefòn.

Tanpri, mande pèsònèl lekòl la asistans liy lang (Language Line Assistance).



## RESOUS



<https://www.ocps.net/cms/one.aspx?pagelId=88545>

Si ou gen kesyon sou **Pwogram ESOL** ak **sèvis** ki disponib nan lekòl ou a kontakte, **Espesyalis Konfòmite ESOL** lekòl la.



**OC PS CONNECT Orange**

Pou resevwa mesaj distri a an **Panyòl, Kreyòl Ayisyen**, ak **Pòtigè**, mete lang kontak la ajou ak rejistrè lekòl la.